



Fòm Èd Jiridik ki Disponib pou Jèn Imigran yo

Li posib pou jèn imigran yo kalifye pou yo benefisye diferan fòm èd jiridik nan peyi Etazini, sa ki vle di yo ka jwenn estati legal pou yo rete nan peyi a alontèm.



Men de (2) prensipal fòm èd jiridik jèn imigran yo kalifye pou yo:



AZIL

Se yon pwoteksyon yo ofri moun ki pè retounen nan peyi yo, sitou moun yo te fè mal oswa menase fè mal poutèt ras yo, reliyon yo, nasyonnalite yo, opinyon politik yo, oswa poutèt yo fè pati yon gwoup sosyal patikilye.



VISA ESPESYAL POU JÈN IMIGRAN (SPECIAL IMMIGRANT JUVENILE VISA, SIJS):

Se yon pwoteksyon ki disponib pou timoun yon paran oswa toude paran yo abize, abandone oswa neglige nan peyi kote yo soti a oswa nan peyi Etazini.

An jeneral, esponnsò a/moun k ap bay swen an dwe jwenn responsabilite legal jèn moun nan pou li aplike pou SIJS.

Men lòt fòm èd jiridik ki disponib pou jèn imigran yo:



VIZA TIP U:

Se pou moun ki viktim kèk krim nan peyi Etazini.



VIZA TIP T:

Se pou moun ki viktim trafik moun nan peyi Etazini.



PETISYON FANMI

Se pou moun ki genyen yon fanmi pre ki deja gen estati legal nan peyi Etazini.

Aplike pou nenpòt kalite èd jiridik se yon pwosesis ki konplike.

Li enpòtan anpil pou fanmi an pale avèk yon avoka pou yo jwenn reprezantasyon legal pou dosye imigrasyon jèn moun nan.

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Li pa la pou bay konsèy jiridik.